



## Ekip Kriz Mobil yo: Kesyon Moun Poze Souvan

### Kisa yon Ekip Kriz Mobil ye (Mobile Crisis Team, MCT)?

Yon MCT se yon ti ekip ki ka vwayaje pou bay èd sou plas a yon moun ki gen yon kriz. MCT yo itilize entèvansyon fas-a-fas ak moun ki gen kriz la, ansanm ak fanmi yo oswa lòt sistèm sipò yo, pou diminye kriz yo epi angaje, evalye, ak konekte moun yo ak sèvis ki pi apwopriye yo. Pifò MCT yo gen ladann anplwaye pwofesyonèl ak parapwofesyonèl (tankou yon klinisyen nivo metriz ak yon anplwaye pou sipò ant konfrè).

MCT yo pataje objektif sa yo:

- Ede moun ki gen kriz epi ede rezoud kriz lan lè sa posib
- Bay entèvansyon nan yon kote moun ki gen kriz lan pi alèz epi entèvansyon an gen mwens restriksyon (ki souvan se lakay moun nan oswa yon lòt kote nan kominate yo)
- Bay swen ak sipò apwopriye san yo pa enplike lapolis, depatman ijans oswa ospitalizasyon lè sa posib
- Konekte moun ki nan yon sitiyasyon kriz ak sèvis sante medikal ak konpòtmantal ki ka ede rezoud sitiyasyon an epi anpeche lòt sitiyasyon kriz lavni

### Kijan mwen ka jwenn aksè nan MCT pou mwen menm oswa yon moun mwen enkyete pou li?

Nenpòt moun ki enkyete pou tèt li oswa pou yon lòt moun ka rele oswa voye tèks nan 988 oswa chat sou entènèt nan [nyc.gov/988](http://nyc.gov/988). Konseye 988 yo pral evalye sitiyasyon an epi bay yon entèvansyon ki apwopriye. Si moun nan kalifye pou sèvis MCT yo, 988 ap voye referans lan bay MCT ki pi apwopriye a, an jeneral selon laj moun nan ak kote li ye a.

Pwofesyonèl swen sante yo, ki gen ladan pwofesyonèl swen sante mantal yo, ka fè yon referans tou lendi jiska vandredi, ant 8 a.m. ak 4:30 pm, lè yo itilize zouti referans sou entènèt 988 la nan [nyc988.cityofnewyork.us/en/crisis-services/mobile-crisis-teams](http://nyc988.cityofnewyork.us/en/crisis-services/mobile-crisis-teams).

### Èske 988 bay sèvis MCT?

988 bay referans pou sèvis MCT yo, men 988 pa jere MCT yo. MCT yo dirije pa lopital ki gen Pwogram Ijans Sikyatrik Konplè (Comprehensive Psychiatric Emergency Programs, CPEP) ki gen lisans leta oswa sal ijans sikyatrik oswa pa òganizasyon kominotè ki deziyen pa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene). Chak minisipalite gen yon MCT ki sèvi timoun ak jèn moun (tout moun ki pokò gen laj 21 an) nan minisipalite sa a. Genyen 19 MCT pou granmoun ki sèvi moun ki gen laj 21 an oswa plis atravè senk minisipalite yo.

988 bay tou konsèy pou kriz 24 sou vennkat 7 jou sou sèt, enfòmasyon ak referans pou lòt sèvis sante

konpòtmantal atravè telefòn, tèks oswa chat sou entènèt.

### **Konbyen tan yon MCT ap pran pou reponn yon referans atravè 988?**

MCT yo vize reponn tout rekòmandasyon yo pi vit posib. Anjeneral yo reponn plizyè èdtan apre yo resevwa referans lan. Faktè ki ka afekte tan repons yo enkli:

- Enfòmasyon ki soti nan sous referans sou pi bon moman pou kontakte moun ki gen kriz lan
- Triyaj pami plizyè demann ki resevwa an menm tan
- Trafik
- Difikilte pou antre nan kay la oswa lòt kote

### **Èske MCT yo reponn nan jou ferye yo?**

Wi, sèvis MCT yo disponib 365 jou pa ane.

### **Ki lè sèvis MCT yo disponib?**

MCT yo bay sèvis ant 8 a.m. ak 8 p.m., sèt jou sou sèt.

### **Kiyès ki elijib pou resevwa sèvis MCT yo?**

Moun ki elijib pou resevwa sèvis MCT yo dwe:

- Nan Vil New York
- Ap viv oswa gen risk pou viv yon kriz sante konpòtmantal
- Nan risk potansyèl pou fè tèt yo oswa lòt moun mal, dezoryante oswa dekonekte ak reyalite, ki gen pwoblèm fonksyonèl (pa kapab fè travay chak jou nòmal yo), oswa ajite e yo pa ka kalme
- Nan yon sitiayson ijians ki ta ka vin pi grav si li pa trete
- Pa vle oswa pa kapab chèche oswa respekte swen sante konpòtmantal poukонт yo oswa avèk èd yon manm fanmi, yon moun k ap bay swen oswa yon zanmi oswa bezwen sipò a kout tèm jiskaske sèvis sante konpòtmantal yo disponib

Yon kriz sante konpòtmantal defini kòm yon sitiayson ki pa menase lavi kote yon moun ap viv yon reyakson konpòtmantal, emosyonèl oswa sikuatrik entans ki ka pwovoke pa yon evènman deklanchè.

### **Èske MCT yo travay ak sanzabri ki nan lari yo?**

Anjeneral, MCT yo pa travay ak sanzabri ki nan lari yo, ki pi souvan benefisyé de Sèvis Sansibilizasyon pou Sanzabri. Ekip sa yo fèt pou fè patwouy nan katye yo e yo gen plis chans pou jwenn ak angaje moun ki sanzabri nan lari yo avèk siksè.

Moun ki sanzabri nan lari yo ta dwe rele **311** pou konekte ak yon Ekip Angajman Mobil ak Aksyon nan Lari pou Sanzabri (Homeless Outreach Mobile Engagement and Street Action Team, HOMESTAT).

### **Èske MCT yo travay ak moun k ap viv nan abri oswa nan lojman sipò?**

Wi, MCT yo pral reponn referans pou moun k ap viv nan yon abri oswa lojman sipò. Si moun nan rete

nan yon kote ki gen pwofesyonèl sante mantal sou plas, moun sa yo ka pi byen konnen moun nan ak bezwen li yo, e poutèt sa ka pi byen plase pou bay entèvansyon nan yon sitiyasyon kriz. Li kapab difisil tou pou moun ki pa soti nan kad sa yo jwenn pèmision pou antre nan yon etablisman. Pou rezon sa yo, yon kolaborasyon tèt ansanm ak founisè abri oswa lojman sipò se yon bagay ki enpòtan pou ede pwomouvwa yon entèvansyon MCT ki reyisi.

**Èske MCT yo travay avèk moun nan ekip Tretman Kominote Asètiv (Assertive Community Treatment, ACT), Tretman Kominote Asètiv Foransik (Forensic ACT, FACT), Tretman Kominote Asètiv Abri Asosye ACT (Shelter Partnered ACT, SPACT) oswa Tretman Entansif Mobil (Intensive Mobile Treatment, IMT)?**

Anjeneral, entèvansyon MCT yo pa rekòmande pou yon moun ki deja resevwa sèvis tretman mobil nan men yon ACT, yon FACT, yon SPACT oswa yon IMT ekip. Ekip sa yo bay abilite ak kapasite menm jan ak MCT yo, kidonk mennen yon nouvo founisè sèvis ka kreye konfizyon. Sepandan, li enpòtan pou moun ki gen kriz la ak nenpòt moun ki bay yon referans pou konnen ki jan pou rive jwenn ekip sa yo pandan yon kriz.

**Èske MCT yo fè asirans sante peye?**

MCT yo depann sou yon konbinezon de finansman piblik ak revni asirans pou fonksyone. MCT yo pral kolekte enfòmasyon sou asirans epi soumèt reklamasyon bay founisè asirans pou sèvis yo bay yo.

**Èske moun ka resevwa sèvis MCT si yo pa gen asirans sante oswa si yo pa rezidan Ozetazini?**

Wi, MCT yo reponn tout referans ki elijib san konsidere asirans sante oswa sitiyasyon imigrasyon moun ki nan kriz la.

**Ki lè yon kriz sante konpòtmantal mande pou rele 911?**

Nou rekòmande pou rele **911** pou ijans epi kontakte 988 pou sitiyasyon ijan ki **pa** yon ijans. Men kèk egzanp ijans:

- Yon moun ki eksprime panse swisid ak yon plan, entansyon ak konpòtman preparatwa
- Konpòtman ki poze yon risk iminan pou tèt ou oswa pou lòt moun, tankou yon tantativ swisid k ap pran plas oubyen yon moun ki ap menase ak yon kouto
- Yon moun ki eksprime panse omisid avèk yon plan ak entansyon

Nan yon ijans, **911** ka voye yon anbilans pou transpòte moun nan yon sal ijans CPEP oswa sikyatrik.

Si ou pa fin sèten ki moun pou kontakte, rele oswa voye tèks 988 oswa chat sou entènèt nan [nyc.gov/988](http://nyc.gov/988) pou pran kontak ak yon konseye ki resevwa fòmasyon ki ka evalye pwochen etap ki pi apwopriye yo, tankou koneksyon ak sèvis kriz oswa sèvis entèvansyon kriz ki pa lapolis.